Ассаламу гІалайкум!

gazetavpered@list.

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 13 (6842) * 6 АПРЕЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 18 ШАВАЛ 1447 с. *

## ТІАБИГІИЯБ БАЛАГЬ



**Марталъул ахирисел къояз Дагъистаналда рарал цІадаз кІудияб балагь бачІинабуна гІемераб халкъалъе. Рукъ – къай руссине бакІ гьечІого хутІарал гІемерал ккана.**

Дагъистаналъул гІодоблъиялда гІадин гуреб, букІаниги нилъер районалъул ракьалдаги заралал ккечІого хутІичІо.

Кидаго хІинкъи бугел бакІал руго росабалъе жанире ва къватІире рачІунел машинадул нухал.

Гьедин кІудияб зарал ккана Хьаргаби – Хважалмахи ва ГІаймакибе унел нухалъул участкаялда кьураби герегун рачІиндал. Машинаби ине нух букІинчІо гьениб. Нахъ бахъичІого, бугеб ахІвал – хІалалъе къимат кьезе ва гьаризе бегьулел тадбиразул дандбазе хех гьабун бакІарун букІана хІалтІулаб къокъа. Гьенире гьоркьоре ана



районалъул ГО ва ЧС-алъул бетІерав специалист З.Загьидов, районалда нухазул хъулухъалъул начальник М. ГІабдулаев, райсобраниялъул депутат ХІ. ШагІбанов ва цойгидалги.

Гьединго зарал бачІараб Хьаргаби – ГІаймакиб нухазул хал гьабизе ва гьаризе бегьулел хІалтІаби дандбазе щвана районалъул бетІер М. ТІагьиров.

БакІалдаго кьуна ккараб заралалъе къимат ва гьаризе ругел хІалтІабазул план бахъана. КІудияб хІалтІи тІаде ккана Хьаргаби районалъул нухазул хъулухъалъул хІалтІухъабазде. Нухал рацІцІад гьариялъе ва рагьиялъе гьез къасе – къад чІечІого чанго къоялъ гьабуна кІудияб хІалтІи.

ТІабигІияб балагьалъул хІасилазе къимат кьезе гІуцІараб хІалтІулаб къокъа къойил къватІире рахъуна районалъул росабалъе. Унел руго ккараб заралалъул хІасилал гьарулеб ва гьел лъугІизе гьаризе хІалтІи гьабиялъул данделъаби.

Аллагьас кирилъун хъваги нухал къачІаялъе хІалтІи гьабурал ккиназулго квербагъари. Аллагьас хІехьезе кІолареб балагь бачІунгеги нилъеде. ЦІадал жеги кьолел руго. Лъиего зарал ккезе хъван батугеги.



ПАЙДАЯБ ДАНДЕЛЪИ



## Россиялъул бахІарчигун дандчІвай

**Гьал къоязда Районалъул бетІер М.ТІагьировас районалъул администрациялда тІобитІана хІалтІулаб данделъи Россиялъул бахІарчи М. Гьиматовгун.**

Данделъиялда М. ТІагьировас ва М. Гьиматовас рорхана суалал рагъулаб къотІикъаялъулаб хъулухъалда хурхарал, армиялде гІолохъаби ахІиялъул гьединго кІудияб кІвар бугел районалъул социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетІеялъул цогидал суалалги.

Гьединго гьез загьир гьаруна жидерго ругел пикраби хІалтІул аслиял рахъазда хурхун ва районалда цере чІарал масъалаби тІуразе гьариялъул.

Данделъиялдаса хадуб лъикІаблъун рикІкІана хадубккунги цадахъаб хІалтІи гьабизе.

## Армиялде гІолохъаби ахІи

**Армиялде гІолохъаби ритІизе руго Россиялъул законадательствоялъ бихьизабураб заманалда, ай тІоцебесеб апрелалдаса 15 июлалде щвезегІан.**

Дагъистаналдаса армиялде витІизе вуго кинавниги 3000 чи. Армиялде ахІарав гражданин нагагь киналгІаги гІиллабаздалъун ихдалил ахІиялъ инчІого хутІани, гьев витІула хадусеб кампаниялъул заман щварабго.



Армиялде ахІуларо жиндиего бокьун рагъулаб операциялда гІахьаллъарав (анлъго моцІалдаса дагь гьечІого), гьединго Донецк ва Луганск республикабазда рагъулаб хъулухъалда рукІарал гражданал.

Армиялде ахІарал гІолохъабаз хъулухъ гьабизе буго гІицІго Россиялъул ракьалда.

Хасаб рагъулаб операциялда гІахьаллъизе гьечІо гьел.

# Хьаргаби районалъул жанисел ишазул отделалъ 2025 соналда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ отделалъул нухмалъулев М. Зубаировасул

# ХIИСАБ

**Россиялъул федерациялъул «Полициялъул хIакъалъулъ» законалъул тIалабал тIуразариялъул, гражданазул, общественнияб гIуцIабазул, пачалихъалъул, муниципалиял гIуцIабазул полициялъул хIалтIул хIакъалъулъ битIарал баянал щвеялъул мурадалда жанисел ишазул отделалда тIоритIула участковыял уполномочениязул росабазул жамагIатазда цебе хIисаб кьолеб, районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул районалъул депутатазул Собраниялда цебе хIисаб кьолеб къагIида.**



Оперативиябгун хъулухъалъул 2025 соналда гьабураб хIалтIул хIисаб гьабураб мехалда лъикIаланго хIалтIи гьабун буго отделалъ общественнияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялда, гIадамазул ихтиярал ва законал цIуниялда, профилактика гьабиялда. Районалда бугеб оперативияб ахIвал - хIалалъул хIисаб гьабураб мехалда гьеб аслияб къагIидаялда буго бербалагьиялда гьоркь. 2025 соналда районалда ккун буго 60 такъсир, гьездасан рагьун буго 55 таксир, гьеб ккола 98,4%. ЦIикIкIун руго наркотиказда, мекъал документал гьариялда, жалго лъикIал рахьун газ рукъзабахъе бачиналда, гьекъон - мехтун автотранспорт бачиналда, тIадаб рагъудаб хъулухъ тIубазе ине инкар гьабиялда хурхарал такъсирал.

Дагьлъун руго мошенничествоялда хурхун такъсирал. 2024 соналъул даражаялда руго чияр буголъи хвезе гьабиялда, взятка босиялда, нухазда хьвадиялъул низам хвезе гьабиялда хурхарал такъсирал.

Районалъул территориялда терроризмалда ва экстремизмалда хурхун гьарурал такъсирал гьечIо. Экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIи гIуцIун букIана районалъул жанисел ишазул отделалъ 2025 соналда гьабизе хIисабалде босараб хIалтIул планалда рекьон. Экстремизмалда данде гьабулеб хIалтIи гьоркьоб лъун хал гьабула координациялъул ва ведомствабазда гьоркьосел данделъабазда кварталалда жаниб хал гьабула оперативиял данделъабазда. Гьединго тIоритIула цIалул заведениябазда профилактикаялъул хIалтIаби гьари. ЦIалул заведениязда гьарун руго хIинкьигьечIолъиялъул паспортал ва контролиялгун халгьабиялъул делаби.

Сириялъул территориялда яргъид гIуцIарал бандформированиябазда гьоркьоб гIахьаллъи гьабиялъе гIоло ралагьулел руго районалдаса кIигоял.

Общественниял бакIазда гIадамазул ихтиярал цIуниялъул хIалтIи аслияб къагIидаялда гьабулеб букIана районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабаз, гьелъул хIасилалда бажарана районалда тIоритIулел гIемерал гIадамал данделъулел бакIазда низам цIунизе.

Районалъул жанисел ишазул хIалтIухъабаз 2025 соналда хIадурана ва ритIана судазде 73 уголовияб дело. Профилактикаялъулал хIалтIаби гьарулаго нухазда хьвадиялъул низам хвезаби тIатине гьабуна 5759 административияб дело. Аслияб къагIидаялда нухазда хьвадиялъул низам хвезабулеб буго хехго автотранспорт бачиналъ дандияб нухде автотранспорт бачиналъ, гьекъон – мехтун автотранспорт бачиналъ ва нухда ругел гIаламатазул хIисаб гьабуларолъиялъ.

Районалъул жанисел ишазул отделалъул профилактикаялъул хIисабалда руго 114 чи, гьездасан цере судалъул хIукмуялдалъун жанир тIамун рукIарал 25 чи, алкоголикал – 4 чи, соназде рахинчIел – 4 чи, наркоманал – 12 чи, психическиял унтабаз унтарал – 11 чи ва гь. ц.

Районалъул жанисел ишазул отделалъ гIуцIула ва тIоритIула оперативияб ахIвал – хIалалда хадуб бербалагьи гьабиялъул ва профилактикаялъулал, «Профилактика», «Розыск», «Оружие», «Автобус», «Пешеход» ва цогидалги операцияби. Кидаго хIалтIи гIуцIизе тIалаб гьабула районалъул гIадамазулгун цадахъ рекьон хIалтIи гьабиялдалъун. Районалъул росабазул сходазда рорхарал кIвар цIикIкIарал суалал хIисабалде росула. 2025 соналда кIудияб хIалтIи гьабуна отделалъ пачалихъалъулал бигьалъаби электронияб къагIидаялда гIадамазе щвезе гьабиялда.

Гьединго бигьалъаби гьаруна паспортал кьезе 830 чиясе, районалъул отделалде электронияб къагIидаялда гIарзабигун рачIана 150 чи. Отделалъ гьабулеб буго бичIчIи кьеялъул хIалтIи электрониял сервисаздасан гIадамал гуккулездаса цIунизелъун. Гьелъие гIоло хIалтIизе гьаруна СМИял, участковыял уполномочениязул хIисабкьеял, гIемерал гIадамал ракIарулел бакIал.

Районалъул такъсирчилъиялда данде рагъ гьабулаго ва профилактикаялъулал хIалтIаби тIоритIулаго, общественнияб хIинкъи гьечIолъи букIинабизе кканани хIалтIи тIобитIизе ккола.

1. Районалъул гIадамазул, общественниял гIуцIабазул районалъул жанисел ишазул отделалде божилъи цIикIкIине гьабиялда.
2. Экстремизмалде ва терроризмалде данде кьеркьей щула гьабизе ккеялде цIикIкIун кIвар гьабизе, хасго кIвар цIикIкIарал объектазде. Гьоркьоса рахьизе ярагъ, кьвагьулел жал хIалтIизе гьарулел гIадамал, гьелде кIвар цIикIкIине гьабизе.
3. Общественниял тадбирал тIоритIулаго низам цIуниялде цIикIкIун кIвар кьезе.
4. Кадраби щула гьари, хIалтIул низам цIуни, коллективалъул профессионалияб махщел борхизе гьаби.
5. Нухазда хьвадиялъул низам щула гьабизе, профилактикаялде цIикIкIун кIвар буссине гьабизе.
6. Профилактикаялде, хасго тарбия кьеялъул хIалтIуде цIикIкIун кIвар буссине гьабизе, диниял церехьабазгун цадахъ терроризмалде ва экстремизмалде данде гьабулеб хIалтIуде кIвар кьезе.
7. Информациязулгун телекоммуникациязул технологиязул кумекалдалъун гьарулел такъсиразде, наркоманиялде, судалдаса рахчулел такъсирчагIи загьир гьариялде кIвар кьезе.

Гьел руго районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазда цере чIарал гIемерал суалазул дагьаб къадар. Заманаялъ бихьизе гьабулеб буго такъсирчилъиялде данде гIицIго районалъул жанисел ишазул отделалъул къуваталдалъун рагьулел ругони гьеб захIмат букIунебльи. Гьединлъидал, хIажат буго киналго пачалихъалъулал, общественниял гIуцIаби ва пресса рекьон хIалтIизе. Гьелъ лъикIал хIасилал рихьизе гьаризе руго.

**Районалъул депутатазул Собраниялда районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулев М. Зубаировасул хIисаб кьеялъул докладалдасан къокъ гьабун.**

## ЦIодорлъи гьабе!

**ТIолабго республикаялда, марталъул ахирияб анкьалъ рарал цIадаца лъикIаб гуреб ахIвал – хIал ккана. Кинабниги, ккараб заралалъул хIасилал гьаризегIан, руго цIакъ бегIерго цере чIарал, нахъ рахьизе бегьуларел суалалги.**

ЦIакъ кьобухIи ккана гIодоблъиялъул шагьаралги росабиги гьекъезе бегьулеб лъим гьечIого хутIидал. МугIрузул районаздаги гьеб кьо бухIи хъвачIого хутIичIо. Рарал цIадазги, рачIарал ихазги нилъер гIоралгун лъарал кутакалдасан хIабургъана ва гьениб бугеб лъим гьекъезе бегьулеб хIалалъ гьечIо. Нилъее, цо бутIаялъ бигьалъи буго мугIрузда иццал рукIиналъ. Бугеб захIматаб ахIвал – хIал гIодоб цвезегIан, нилъеда тIадаб буго хIалтIизабулеб лъел тIалабал тIуразе. ДагъистаналъулРоспотребнадзоралъ тIалаб гьабулеб буго росдал администрацияздасан ва ЖКХяздаса гьекъолеб лъим хлор бан цIуни гьабеян.

ЛъикIаблъун бихьизабулеб буго гьализе байбихьаралдаса жеги лъабго минуталъ лъим гьализе тезе.

Лъималазе кьезе, лъимаде йигей гIаданалъе, ригь арал ва унтарал чиязе гьекъезе, рес букIун тун хадуса тукадул шишаяхъ бугеб лъим босеян ахIи балеб буго Роспотребнадзоралдасан. Гьелда хурхунги, Дагъистан республикаялъул бетIер С. Меликовас гьари гьабун абулеб буго предпринимателаздехун, тукабазда лъим хира гьабугеян.

Гьединго гьализабичIеб лъим хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо пихъ чуризе, цаби – гIусал рацIцIад гьаризе, ругънал ругони эл чуризе.

Гьеб ахIвал – хIал ва захIмалъи заманаялъул буго. Нилъерго сахлъи цIуниялъул мурадалда тIалабал цIунани лъикI букIинаан.

Щибха ккезе бегьулеб хIабургьараб, чорокаб лъим гьекъолеб бугони, лъеда гьоркьор бугеб салиялъ рисидул ва кванирукъалъул жагьаллъи ккезе рес буго, гьелъул хIасилалда гастрит яги язва багьа – бачаризе бегьула. Гьелдаго цадахъ, цойги ургьиб жаниб лагаялъе ккезе бегьула жагьаллъи, рагьаризе бегьула чехь – бакьалъул унтаби. Ургьисалабазда сали чIезе бегьула, гьениб гамачI лъугьине рес букIуна.

**! Жидерго сахлъи цIуниялъул мурадалда, гьекъолеб лъималдехун тIалабал цIикIинаруни ва медиказул малъа-хъваял хIисабалде росани лъикIаб букIина.**

РЕКIЕЛГЪЕЯЛЪЕ ЦIАЛЕ !

# БИЗНЕСМЕНГИ ЧЧУГIИХЪАНГИ



**Цо нухалъ шагьаралъул хъуйги чIалгIун, бизнесмен ралъдал рагIалде уна. Радалго ралъдадасан бачIун рагIалда чIола гьитIинабго раса, гьелда жанир ччугIихъанги кIудияб ччугIаги рихьула. Бизнесменас гьес ккураб ччугIие къимат кьола, гьединаб ччугIа кквезе гьоркьохъеб куцалъ ччугIихъанасул унеб заманалъул хIисаб гьабула.**

- ЛъикIаб бакI буго гьаб, - илан абула ччугIихъанас, - битIккараб мехалъ кIиго сагIаталда жаниб ккола дица гьадинаб ччугIа.

- Щайха тIад вуссарав? - илан гьикъула бизнесменас - Къоялъ чIаравани жеги гIемер кквелаангурищ.

- Щай? Гьаб ччугIа дир хъизан -лъималазе жакъаялдеги метералдеги гIола, хIатта къваригIараб –тараб босизе гIарац щвезе цо кесек бичизецин тIокIлъула.

- ХутIараб заманалъ щиб гьабулевха мун вукIинев?

- Тира-сверила, лъималгун васандила, рокъоса-гIебеде гIисимикъинал хIалтIаби гьарила.

- Дуца гIадада заман чIвалеб бугоха, - ян хIасил гьабула бизнесменас - Дица малъила дуда гIумру гьабизе кколеб куц.

Балагье: мун гьабсагIат тIад вуссун ччугIа кквезе ине ккола ва къоялда жаниб, масала, 5-6 ччугIа кквела.

- Бегьилаха, амма щай?

- Чанго къоялдасан ччугIа кколеб гьитIинаб гама босизе кIола дуда. ХIалтIизе гIадамал рачина, гIемераб ччугIа кквела! Щвараб гIарцуде ччугIа кколеб тIубараб флотилия гIуцIила, гьелъие нухмалъи гьабила. Шагьаралда ччугIил нигIматал гьарулеб фабрика рагьила. Гьенив мун кIудияв хIакимлъун вахъина ва щибаб къойил балагьун бер щолареб офисалде хIалтIизе хьвадила.

- Хадуб?

- Ахирги, дурго цебе тIураб бизнесги гIемер миллионазде бичун, хIухьбахъизе бегьила.

- Гьеб киналъего кигIанасеб заман хIажалъулеб?

- 20 - 25 сон гIелин ккола.

- Бизнесги бичун, гьел миллионал щвараб мехалъ щиб гьабулевха дун вукIинев?

- Гьеле гьебмехалъ вукIине бегьула мун дуего бокьухъе! СихIкьотIараб мархьуялдеги ун, рекIелгъеялъе дагьа-макъабго ччугIаги ккун, гIорцIизегIан кьижун, гIагаралгун заманги тIобитIун...

- Гьанже батIаго щиб дица гьабулеб бугеб? - илан гьикъула ччугIихъанас.

Гьеб мехалъ бизнесмен щиб абилеб лъаларого хутIула. ☺

# ГIЕЧУГЪВЕТIГИ ВАСГИ



**Цебе заманалда букIарабила цо берцинаб гIечугъветI. ГьитIинав васги вукIанила, къойил гьелда аскIове вачIун, сверун лъугьун васандулев. Цин гьотIол тIогьиве вахун кьижулаанила гьев, цинги гIаркьелалдаса тIун гIеч кунаанила. Хехго боржун анила заман. Вас кIудияв гIунила, гьанже гьев, цеве гIадин, гIемер вачIунев вукIинчIила гIечугъотIода аскIове васандизе.**

Цо нухалъ лъикIалан кIудиявги гIун щола гьев гъотIохъе, цIакъ пашмангоги вугоанила.

- РачIа расандизе, - ян абула гъотIоца.

- Дун кIудияв гIун вуго, гъутIбигун васандуларо, - ян абула гьес. – ТIахьал цIализе бокьун буго, амма гьел росизе гIарац гьечIо.

- ГIайиб гьабуге, дирги гьечIо гIарац. Бокьани гIечги бакIарун , гьеб бичизе аха.

Гьеб пикру васасе рекIее гIола. Гьес кинабго гIеч бакIарула, рази - ракиго цевеса тIерхьуна ва гIезегIан мехалъ тIагIуна.

Кин бугониги цо къоялъ гьев вачIуна, ватIа вахьизе кIвеларедухъ кIудияв гIун.

Вуссаравищ? - илан бохула гIечугъветI. - Дагьаб мехалъ дунгун гIодов чIа.

- ЧIезе рес гьечIо, регIун гьечIо. Дун хIалтIизе ккола, мина базе, хъизан гIуцIизе. Кинаб бугониги кумек гьабизе рес букIинародай дур?

- ТIаса лъугьа, дир мина гьечIоха. Амма дуца дир гIаркьалабиги къотIун базе бегьила рукъ.

Гьев гьединаб санагIаталдаса вохула, гIемер ургьичIого гъотIол гIаркьалаби къотI- къотIун рала, раччун гьелгун уна. ГIечугъветIги бохун букIуна гьесул разилъи бихьун. Гьанжеги гIезегIан мех бала гьев вачIунарого. ГIечугъветI кутакалда урхъун букIуна гIолиласухъ, амма пайда щиб...

Цо риидалил къоялъ саламатго кIудияв гIун, кIигъуждулъа гIеблъун, базалияв бихьинчи лъугьун вачIуна вас гъотIохъе нахъеги.

- ВачIа дир рагIдукь хIухьбахъизе, - ян абула гьелъ.

- Гьанив чIезе заман гьечIо, гьитIинабго расаги гьабун, гьаб дунялалъул хъуялдаса рикIкIаде ине бокьун буго дагьаб мехалъ ралъдалъан. Амма лъалеб гьечIо сундул гьеб гьабилебали, - ян ургъел бикьула гьес.

- Дир рохти хIалтIизабе дуего яхта гьабизе. Гьеб мехалъ бегьила мун рикIкIаде ун рекIее парахалъи балагьизе.

Кидаялиго тIогьолъ босун букIараб, цIцIан унедухъ гIеч тIад балеб гъотIол рохтиялъул раса гьабула гьес. Ва гьелда рекIун рикIкIаде уна.

Чанго соналдасан вачIуна. ГIечугъветIалъ абула:

- ГIайиб гьабуге, дуе кьезе щибго хутIичIо дир. Гьанже дида тIад гIечги бижуларо.

- ГIеч кваназе цабиго хутIичIо дир, - илан абула ригь арав чияс.

- ТIаде мун вахине гIаркьалабиги гьечIо, - ян абула гъотIоца.

- Дове - гьаниве вахине кIоледухъ гьечIо дир бохдул, сонал ун руго гьанже, - ян кIалъала гьев.

- Сверун мун векерахъдараб рохтиги гьечIо дир, - илан пашманго кIалъала гьветI.

- Вилълъанхъизецин хIалалъ гурого кIоларо, - ян абула гьес.

- ТIагIун унел кьалбал гурони щибго хутIичIо дир, - илан абула гIодулаго гъотIоца.



- Диеги гIемер жо хIажат гьечIо, хIухьбахъизе бакI бугони гIела. Свакана гIемерал соназ векерахъдун - илан кIалъала гьев.

- КигIан лъикIха, дир вас, дир кьалбал данде ккела дуе хIухьбахъиялъе, вачIа, гIодов чIа.

Херав гIодов чIана, гьветI гьимана, гьелъул магIуйин абуни кьалбаздасан чвахун ана. ☹

*Гьаб буго нилъер киназулго ва щивасул хIакъалъулъ бугеб хабар. ГьветI нилъер эбел-эмен ккола. ГьитIинаб мехалъ бокьулаан нилъее эбел-эменгун расандизе. КIудиял гIедал, нилъеца гьел жалго тола ва къварилъиялде, хIажалъиялде ккараб мехалъ ракIалде щола. Щиб гьараниги, гьабизе къачIан рукIуна гьел, кинабго кьола гьез нилъее, нилъ рохизеялъе гIоло.*

*Нужеда ракIалде ккезе бегьула вас гъветIалдехун цIакъ согIав, гурхIел гьечIев вукIанилан. Гьеле гьединал рукIуна нилъги нилъерго эбел-инсудехун. Нилъеца букIине кколеб жо кинигин къабул гьабула гьезул тIалаб-агъаз, кумек, рокьи ва кIочона тIоцебесеб иргаялда гьединал эбел-эмен нилъее кьурав, нилъер тIалаб гьабизе гьел гьесизарурав Аллагьасе, хадуб гьезие щукру гьабизе.*

*Чанго минуталъ пикру гьабе ва дуда бичIчIила кигIан гIемер лъикIлъи, хинлъи гьез нилъее кьолебали. КигIан нилъее гьел хириял рукIине кколел ва кигIан тасамахIго нилъ гьеб къиматаб нигIматалдехун рукIунелали! Нилъеда киданиги бажаруларо эбел-инсуца нилъее гьабуработщиналъе мустахIикъаб жаваб гьабизе. Лъиениги рокьизе гьечIо нилъ, гьезие гIадин.*

*Аллагьас битIараб нух кквезе тавфикъ кьеги, эбел-инсул адаб бугел лъималлъун гьареги нилъ!*

# Права граждан в сфере ОМС

**Согласно п.1 ст. 16 Федерального закона от 29.11.2010 N 326-ФЗ «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации»**



### застрахованные лица имеют право на:

1. бесплатное оказание им медицинской помощи при наступлении страхового случая;

2. выбор страховой медицинской организации;

3. замену страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин, 1 раз в течение календарного года не позднее 1 ноября либо чаще в случае изменения места жительства или прекращения действия договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования;

4. выбор медицинской организации из медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы обязательного медицинского страхования;

5. выбор врача путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации ;

6. получение от ТФОМС, ФФОМС, страховой медицинской организации и медицинских организаций достоверной информации о видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи;

7. защиту персональных данных, необходимых для ведения персонифицированного учета в сфере обязательного медицинского страхования;

8. возмещение страховой медицинской организацией/ медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации предоставления/ организации и оказанию медицинской помощи

9. защиту прав и законных интересов в сфере обязательного медицинского страхования.

### Застрахованные лица обязаны:

1.Предъявить полис обязательного медицинского страхования при обращении за медицинской помощью, за исключением случаев оказания экстренной медицинской помощи.

2.Подать в страховую медицинскую организацию лично или через своего представителя заявление о выборе страховой медицинской организации.

3.Уведомить страховую медицинскую организацию об изменении фамилии, имени, отчества, данных документа, удостоверяющего личность, места жительства в течение одного месяца со дня, когда эти изменения произошли.

4.Осуществить выбор страховой медицинской организации по новому месту жительства в течение одного месяца в случае изменения места жительства и отсутствия страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин.

### К видам медицинской помощи относятся:

1. Первичная медико-санитарная помощь включает в себя мероприятия по профилактике, диагностике, лечению заболеваний и состояний, медицинской реабилитации, наблюдению за течением беременности, формированию здорового образа жизни и санитарно-гигиеническому просвещению населения;

2. Специализированная, в том числе высокотехнологичная медицинская помощь оказывается врачами-специалистами и включает в себя профилактику, диагностику и лечение заболеваний и состояний (в том числе в период беременности, родов и послеродовой период), требующих использования специальных методов и сложных медицинских технологий, а также медицинскую реабилитацию;

3. Скорая, в том числе скорая специализированная, медицинская помощь оказывается гражданам при заболеваниях, несчастных случаях, травмах, отравлениях и других состояниях, требующих срочного медицинского вмешательства;

4. Паллиативная медицинская помощь - комплекс мероприятий, включающих медицинские вмешательства, мероприятия психологического характера и уход, осуществляемые в целях улучшения качества жизни неизлечимо больных граждан и направленные на облегчение боли, других тяжелых проявлений заболевания.

### Формами оказания медицинской помощи являются:

1.экстренная - медицинская помощь, оказываемая при внезапных острых заболеваниях, состояниях, обострении хронических заболеваний, представляющих угрозу жизни пациента;

2.неотложная - медицинская помощь, оказываемая при внезапных острых заболеваниях, состояниях, обострении хронических заболеваний без явных признаков угрозы жизни пациента;

3.плановая - медицинская помощь, которая оказывается при проведении профилактических мероприятий, при заболеваниях и состояниях, не сопровождающихся угрозой жизни пациента, не требующих экстренной и неотложной медицинской помощи, и отсрочка оказания которой на определенное время не повлечет за собой ухудшение состояния пациента, угрозу его жизни и здоровью.

**Обращайтесь за разъяснениями в страховую медицинскую организацию, номер которой указан на обратной стороне страхового медицинского полиса, или на телефон контакт-центра по номеру 8-800-222-29-05 (круглосуточно, бесплатно)**

**Левашинский межрайонный филиал ТФОМС РД 8-928-878-31-77.**

# «Пожарная безопасность в весенний период»

**Наступление весенне-летнего пожароопасного периода всегда отмечается резким ростом пожаров, связанных с выжиганием сухой растительности. Разводятся костры и сжигается мусор как на территории, прилегающей к домовладениям граждан, так и на объектах различной форм собственности. Весенние палы становятся обыденностью как для хозяйств, так и для владельцев личных приусадебных участков.**




С наступлением весны люди спешат привести в порядок свои владения и прилегающую территорию, при этом, забыв о требованиях пожарной безопасности, сжигают бытовой мусор и сухую растительность, не задумываясь о том, что могут причинить вред не только своему имуществу, но и рискуют получить серьёзные травмы и потерять самое дорогое — жизнь.

В соответствии с Правилами противопожарного режима в Российской Федерации необходимо обеспечивать своевременную очистку территорий от горючих отходов, мусора, тары, опавших листьев и сухой травы.

Также запрещается на территориях поселений устраивать свалки горючих отходов. На период устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды, а также при введении особого противопожарного режима на территориях поселений вводится запрет на разведение костров, проведение пожароопасных работ на определённых участках, на топку печей, кухонных очагов и котельных установок. Не загромождайте проезды и противопожарные разрывы между зданиями строительными и другими горючими материалами, это воспрепятствует проезду пожарной техники.

В частных домах мусор, который невозможно как-либо использовать, следует собрать в контейнер и увезти на специально оборудованную мусорную площадку, а около дома на весь весенний и летний период необходимо обеспечить наличие ёмкости (бочки) с водой или огнетушителя.

При обнаружении возгорания немедленно сообщите в пожарную охрану по телефону «112», точно назвав адрес места происшествия.

Особую тревогу вызывают случаи, когда виновниками, а иногда и жертвами пожара становятся дети. С приходом тёплого времени года дети большую часть времени проводят на улице, пользуясь отсутствием должного внимания со стороны родителей, нередко с друзьями жгут костры — и всё это вполне может обернуться крупным пожаром.

ПОМНИТЕ!

**Только строгое соблюдение требований пожарной безопасности может предупредить пожары и не допустить беды!**

УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!

В случае беды немедленно сообщите в экстренные службы по телефонам:

«112» — Единая служба спасения.

**ОНД и ПР № 16 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIияй сонаэда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**

**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**

**Гергебильский район, с. Гергебиль.**

**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати»
по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
2 апреля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00